

YON GID ITILIZATÈ POU



PrEP





PrEP

**Jwi sèks ak yon
bagay anmwens
pou ba ou pwoblèm.
PrEP ka kenbe ou
VIH negatif.**

PrEP

Entwodiksyon PrEP

- PrEP se yon grenn san danje, ou ka pran **chak jou** ki redui anpil risk pou gen VIH.
- Medikaman PrEP ou an rele Truvada®. Chak grenn gen de (2) medikaman ladan: 300 miligram tenofovir (TDF) ak 200 miligram emtricitabine (FTC).
- Si w ekspoze a viris la, PrEP ka anpeche viris la gaye nan kò w pou prevni enfeksyon VIH.
- PrEP bloke VIH sèlman si w gen ase medikaman nan kò w, kidonk, ou dwe pran li **chak jou**.

PrEP = Pwofilaksi Avan Kontak
Pwofilaksi = Prevansyon

Pran PrEP chak jou

- Pran PrEP **chak jou**.
- Ou ka pran PrEP nenpòt lè pandan jounen an, avèk oswa san manje.
- PrEP aji pi byen si w pran li nan menm lè a chak jou.
 - Ou dwe pran PrEP anvan oswa apre yon aktivite toulejou, pa egzanp lè ou dejne, oswa lè w bwose dan w anvan w al dòmi.
 - Pou ede w sonje, konsève boutèy grenn ou kote ou ka wè li.
- Mete rapèl pou w pran PrEP chak jou nan telefòn ou oswa nan mont ou. Tèks **MEDS** bay **877877** pou resevwa tèks ki fè ou sonje lè pou pran medikaman ou yo.

Konsève grenn ou yo nan tanperati chanm lan – se pa nan frijidè, ni yon kote ki cho.

Si w bliye pran grenn ou, pran li imedyatman ou sonje sa.

- Si w pran grenn ou dòdinè nan maten, men ou rann ou kont nan aswè ou te bliye pran li, pran li touswit epi apres a pran yon grenn nan demen maten kòm dabitid.
- Si w rann ou kont ou te bliye pran yon grenn, annik pran yon grenn epi kontinye ak orè nòmal ou pran grenn ou. **Pa double dòz la pou w konpanse dòz ou rate.**
- Si w ap plede rate dòz yo, mande doktè w oswa enfimyè a fason pou w pran dòz yo kòmsadwa.

Kenbe yon grenn sou ou

Toujou mache ak yon grenn nan yon ti bwat grenn oswa vlope nan papyè aliminyòm. Nan fason sa a, si w rate woutin ou, w ap toujou gen PrEP. Ranplase grenn nan chak kèk mwa dekwa pou ou pa sèvi ak li apre dat ekspirasyon li.



Konnen efè segondè yo

- Pifò moun k ap pran PrEP pa rapòte okenn efè segondè. Pou moun ki genyen yo, efè segondè ou jwenn pi souvan se kèplen, lestomak deranje, fatig ak maltèt. Souvan sentòm sa yo amelyore oswa yo pase nan premye mwa w ap pran PrEP.
- Pou anpeche kèplen, pran PrEP ak yon ti goute oswa anvan w al dòmi pou w remake kèplen an mwens.
- Pou soulaje kèplen, eseye sirèt jenjanm oswa te mant pwavre.
- Pou gaz oswa balonnman, eseye yon medikaman yo vann san preskripsyon pou soulaje gaz.
- Si pou pou mou yo nui ou, eseye pran sipleman fib.
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante w si efè segondè yo kontinye nui ou.
- Pwofesyonèl swen sante w pral siveye rezilta laboratwa ou pou lòt efè segondè ki gen rapò ak PrEP.

PrEP ak Sante Repwodiktiv

- PrEP pa pral deranje grenn planin ou, tankou kontrasepsyon annijans.
- PrEP ka yon chwa si w ap eseye ansent, pandan ou ansent oswa pandan w ap bay tete. Mande doktè ou pou plis enfòmasyon.
- PrEP san danje pou itilize pandan menopoz.





Al wè doktè

- Al wè pwofesyonèl swen sante w chak twa (3) mwa pou renouvèlman medikaman ak tchèkòp, ankontan tès VIH.
- Pwofesyonèl swen sante w pral mande w:
 - Si efè segondè yo nui w
 - Si w pran PrEP chak jou
 - Enfòmasyon sou lavi seksyèl ou, sante seksyèl ou, ak risk ou pou VIH
- Pwofesyonèl swen sante w pral fè tès pou ou tou pou lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay (Sexually Transmitted Infections, STIs) yon kantite fwa ki bon pou ou.
- Fè pwofesyonèl swen sante w konnen touswit si w gen lafyèv, glann anfle, oswa yon gratèl – sa yo kapab se siy yon enfeksyon VIH bonè.



**PrEP se yon opsyon
prevansyon efikas pou
fanm transjan epi li pa
pral deranje terapi òmòn.**

Pa sispann epi rekòmanse

- Si w vle sispann pran PrEP pou kèlkanswa rezon, **pale avèk pwofesyonèl swen sante w.**
- Si w te sispann pran PrEP epi ou vle kòmanse ankò, wè pwofesyonèl swen sante w anvan epi fè yon tès VIH.
- Si w sispann epi w rekòmanse pran PrEP, sa kapab danjere. Si w vin gen VIH epi apresa ou rekòmanse PrEP ankò, VIH ki nan kò w la ka vin rezistan ak medikaman. Sa gendwa fè li pi difisil pou trete VIH.

PrEP, kapòt ak sante seksyèl ou

- PrEP ede w rete negatif pou VIH, menmsi ou pa toujou sèvi ak kapòt oswa lòt metòd baryè.
- Kapòt pwoteje **vrèman** kont lòt enfeskyon moun pran nan fè agay ak gwosès, men PrEP pa fè sa. Kapòt ba ou pwoteksyon anplis tou kont VIH, menm lè ou sou PrEP. **Pou w rete ansante, sèvi ak kapòt toutotan li posib, depreferans chak fwa w ap fè sèks.**



Senk (5) Etap nan PrEP

1. Pran PrEP yon fwa pa jou.
2. Si w bliye, pran li imedyatman ou sonje sa.
3. Fè doktè w konnen si efè segondè yo nui ou.
4. Al wè doktè w pou renouvèlman medikaman ak tchèkòp chak twa mwa.
5. Pa sispann, ni rekòmanse oswa chanje fason ou pran PrEP san w pa pale ak doktè w.



Ou gen kesyon sou PrEP?

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche "HIV PrEP" (PrEP VIH).

Tèks adapte apati SPARK, Ekip Rechèch Hunter sou VIH/SIDA.